

## UMUGAMBI W'AGAKIZA K'IMANA K'UMUNTU

Bibiliya itubwira ko mu ntango Imana yaremye imuntu mw'ishusho ryayo. (*raba Itanguriro 1:27*) Muri ico gihe Imana n'umuntu babana mu mwumvikano ntangere mw'isi y'agahore. Hanyuma inzoka (Rusuferi/Satani), umumarayika yakorowe yipfuza imbere ya vyose kuba nk'Imana ubwayo, agerageza Adamu na Eva akoresheje ibinyoma bibiri bihebuje cane. Ivyo binyoma vyari ibi: “*Haba n'intete ntimuzopfa.*” Hamwe na “*muzoca mumera nk'Imana.*” (*Raba Itanguriro 3:4-5 hamwe na Gusubira mu Vyagezwe 4:39*) Adamu na Eva bemera ibinyoma vya Rusiferi bavyishakiye bata nk'akanuka umugambi n'inyigisho vy'Imana kuri bo. Aho niho icaha cinjiye mu bwoko bw'abantu. (*Raba Abaroma 5:12*)

Mu nyuma Bibiliya iratwereka ko kubera ko Imana ari Iyera kandi itagira agasembwa idashobora kubana n'icaha. (*Raba Habakuki 1:13, Ivyahishuriwe 21:27 hamwe na Zaburi 97:2*) Rero mu gihe Adamu na Eva, hamwe no mu nyuma umwe umwe wese muri twebwe nk'ubwoko bw'abantu duhisemwo inzira y'icaha n'ukugarariza, (*raba Abaroma 3:10, 3:23 & 6:23*) bisaba ukugororoka gusa kugira habe ugutandukana hagati yacu n'Imana.

Guhera mu gihe ca Adamu na Eva kugeza ubu, Bibiliya yerekana ko haheze imyaka ishika ibihumbi umuntu agerageza kugira uko ashoboye akoresheje ikiye nzira (abe nk'Imana), canke ngo asubire kunywana n'Imana akoresheje inguvu ziwe. Izo nguvu canke ukwitanga, naho haba harimwo umwete utagira uko ungana ntivyigeze bishika ku ntumbero, mbere ntibishobora no kugira ico bikoze, kuko umuntu muri kamere yiwe y'umunyavyaha ntashobora gushika k'ukunengesera kwose no kutagira icaha na kimwe vy'Imana. (*Raba Yesaya 64:6*)

Rero, nimba akahise karerekanye mu buryo busiguritse neza yuko umuntu adashobora gucika Imana canke ngo agaruke ku Mana akoresheje inkomezi ziwe, hoba hariho ivyizigiro vyo kuva muri ukwo kugwa kw'icaha n'iyi si yanduye tubamwo? Inyishu ni Ego yumvikana! (*Raba Abaroma 5:8*) Kandi ico nico Ubukristo gisigura.

Imana mu mbabazi n'urukundo vyayo bitagira akagero Yaratane inzira. (*Raba Yohana 14:6, 5:24, Ivyakozwe n'Intumwa 4:12, & Abanyefeso 2:8-9*)

Yari inzira y'agaciro, ariko ari inzira imwe rudende kugira imere nk'ikiraro k'ugutandukana hagati y'umuntu n'Umuremyi wiwe, ugutandukana kwatewe n'icaha. (*raba Abaheburayo 9:22*) Imana yatanze umwana wayo w'ikinege kandi atazi icaha nk'ikiguzi gikwiye gutangwa ngo itubabarire urubanza twatsinzwe hamwe n'ugutandukana kwacu n'Imana vyavuye ku caha cacu. (*raba 2 Abikorinto 5:21 & Yohana 3:16*)

Mu gihe ukwitanga kwa Yesu Kristo nk'ikimazi k'umusaraba avyishakiye vyari bikwiye ngo vyoze abantu bose icaha cose n'ugutandukana n'Imana kw'ibihe bidahera, (*raba 2 Yohana 1:7*) ntiyigeza agobera umuntu n'umwe kwakira iyo ngabire. Ariko yayitanze ku bantu bose bayikeneye kandi bayisaba. (*raba Abaroma 10:9&13 & Matayo 10:32*) Abami n'aboro bose begera Yesu mu buryo bumwe. “*Ubuntu nibwo bwabakijije kubwo ukwizerena vyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe ni ingabire y'Imana.*” (*Abanyefeso 2:8*) Abenshi bakunze kwongerako ibikorwa vyiza, ibikorwa vy'ukugororoka, imigenzo y'ishengero canke amadini nk'inzira zijana ku gakiza (*raba Tito 3:5 & Abaroma 3:28*); ariko Bibiliya irerekana neza ko kugira ivyo inyishu bitanga ari igihushane gusa. Kuko iyo tugerageje kugira ico twongeye k'ubuntu; “*ubuntu ntibuba bakiri ubuntu*” (*raba Abaroma 11:6 & Abigalatiya 5:4*) Umutima uciye bugufi kandi ushima niwo wonyene wakira ubuntu bw'Imana biciye mu kwizera. Kandi ni aho nyene gusa, ku birenge vy'umusaraba, dushobora kubabarirwa hama tukaruhukira mu gushira amanga kw'agakiza kacu kadukijije igihano twari dukwiye bivuye ku caha twakoze.

Ino nsiguro ngufi y'umugambi w'Imana w'agakiza itanzwe kugira ngo na wewe nyene uze kuri uyo agukunda gusumba uko wokwibaza. Nimba ico ari icipfuzo cawe, Intambwe zikurikira zirakwereka inzira. Bwira Imana mw'isengesho ko witeguye kwakira ingabire yoza y'umwana wayo w'ikinege kandi atazi icaha. Uyu niwo mwanya wawe wo gufata ingingo. Iyi niyo ngingo ya mbere ikomeye mu buzima bwawe bwose; (*raba Yohana 8:24*) ntubifate nk'ibisanzwe birashoboka ko koba ari akaryo “*ka nyuma*” (*raba 2 Abikorento 6:2*)

*Mwami Yesu*

*Ndabonye icaha canje kandi ndatahuye (biciye mw'ijambo ryawe) ko icaha canje ari co kintandukanya nawe. Ndihanye icaha canje kandi ndipfuza kuva mu nzira zanje mbi nayoboreyemwo ubuzima bwanje.*

*Kuva kuri uno munsi no mu gihe kiri imbere ndagusavye ngo uze umbere Umwami n'umuco unyobora w'ubuzima bwanje. Ndagushimiye kandi ndakiriye nk'ingabire, ikimazi gisubirira gikwiye watanze k'umusaraba kugira ngo urihe ivyaha vyanje.  
Urakoze kumparira ivyaha vyanje no gucungura ubugingo bwanje.*

Nasenze rino sengesho riri hano hejuru bivuye ku mutima bivanye n'ugutahura hamwe n'ugushobora kwanje. Ndatahura ko atakindi gisabwa kugira ngo umuntu abe umukristo; ariko insobanuro n'intumbero bikwiye muri buno buzima biza gusa mu gihe nemeye gupfa muri jewe nkareka ngo Yesu Kristo abeho muri jewe. Imihezagiro myinshi nayo nyene izoza muri buno buzima no mw'ijuru mu gihe cose nzoba ndi uwuca bugufi kandi nkura mu gutahura kandi nkabaho ukwizera kw'ubukristo biciye mw'Ijambo ry'Imana, Bibiliya.

Nubwo gutera umukono ku rupapuro ataho bihuriye n'agakiza, ugutera umukono birashobora kugufasha wewe mu kwegeranya ibintu ufatirako ingingo kuri Kristo.

Jewe (umukono) \_\_\_\_\_, nasomye ubutumwa buri hano hejuru kandi nipfuza kwemeza ko nemeye Yesu Kristo nk'Umukiza n'Umwami w'ubuzima bwanje.

\*Jewe (umukono) \_\_\_\_\_, nasomye buno butumwa buri hano hejuru kandi nsimpisemwo muri uyu mwanya kwakira Yesu Kristo nk'Umwami n'Umukiza wanje.

\*Raba neza (Matayo 12:30) ukudafata ingingo ku bijanye na Yesu Kristo, n'imigenderanire yawe na we; ni ugufata ingingo yo kutamwemera. Naho Imana yacu ari Imana yama igira neza, ukudafata ingingo bisa n'ingingo yo kuvuga “OYA”.

### Ibindi bintu ushobora gukora:

1. Senga ko Umwami azokwugurura amatwi n'ubwenge kandi akegerezza abo bakeneye kwumva ubu butumwa.
2. Utange buno butumwa ngo bushirwe ku buhinga bw'ingurukana bumenyi bwa gikristo, bw'umuntu canke bw'akazi woba ufiseko ububasha

(Tuzokurungikira ubutumwa buri muri PDF mu gihe woba ushaka kubigira uko canke ushaka guhuza (ivyo bita link) kuri [www.freebibletracts.org](http://www.freebibletracts.org). Iyo izotangura gukora muri Nzera 2007.

3. Injira mu nzu z'ababanyi bawe hama utumire abantu mw'ishengero ryawe. Basigire inkuru zijanye n'ishengero ryawe wongere ubasigire ubutumwa bw' "Umugambi w'Agakiza k'Imana k'Umuntu". (Naho batoba bavyakiranye igishika muri uwo mwanya barashobora kubishima mu nyuma)
4. Nimba ufise umuntu uzi canke ukunda wipfuza gutwara ku Mwami, rabira hamwe nawe buno butumwa. Ni igikoresho kikworohera gukoresha. Kizogufasha gushing intahe neza naho woba wumva utorohewe canke utabishobora.
5. Nimba uri umuntu w'isoni, fatisha buno butumwa inyuma ku miryango y'ubuzu bwa surwumwe bwa rusangi. Ico ni ikibanza kimwe abantu baruhukiramwo ukwiruka bamamwo iminsi yose bakaronka umwanya muto wo gusoma. Ndetse n'uwwujewe isuku ashobora kutabubona ngo ahave ubuta. Mu gutanga bene ubu butumwa ni nkenerwa ko umuntu abushira aho abantu batiyumvira ko ari ibintu vyo gutesha umwanya. Ukwo ni ukuba icabona kibi.
6. Kubutanga ku bituro vya bus, gari ya moshi, ibibuga vy'indege, amamangazini canke ibindi bibanza bigenderwamwo cane.
7. Ugendere amavuriro, ibitaro, amabohero, amazu y'ubwugamo, n'ibindi bibanza. Uhe abantu bari aho hantu udufungurwa duto wakoze hanyuma ubahe n'ubwo butumwa.
8. Nimba ubishoboye wewe ubwawe, canke uzi umukristo yizera vy'ukuri azi neza ivya Bibiliya kandi azi urundi rurimi rutari muri izi ziri hano hejuru, turagusavye ngo usobanure canke umusabe asobanure "Umumbi w'Agakiza k'Imana k'Umuntu" muri urwo rurimi rundi. Hanyuma uturungikire iyo nsobanuro kugira tuyishikirize abandi. Ihangiro ryacu n'ugushikana ubu butumwa mu ndimi zose zivugwa kw'isi. Ihangiro rinini; ariko natwe turi umuryango munini (abavukanyi benshi). Turakeneye imfashanyo yawe turanagusavye ndetse ngo udufashe.
9. Usige ubu butumwa aho urindirira umuganga wawe, umuvuzi w'amenyo, kimyozi, n'ahandi. Abantu usanga bafise umwanya wo gusoma.
10. Genda mu rugendo rw'ivuga butumwa mu kindi gisagara canke ikindi gihugu hanyuma uronse bose ubu butumwa mu rurimi rwabo.
11. Raba ko ishengero ryawe ryosohora amahera yo kurungikira imihana iri mu karere kanaka gakikuje ishengero inkuru zijanye n'ishengero ryawe,

ubutumire bwo kuza gusengera kw'ishengero hamwe n'ubu butumwa. (Raba ku bajewe gutanga udusandugu twa posita. Ushobora mbere no kuraba abakoresha ubusandugu bwa posita bashasha bacheruka kwimukira mu karere)

12. Shira buno butumwa mu karata yose yo kwipfuriza abadi Noeli nziza.
13. Shira bene buno butumwa bwinshi cane ku meza imbere y'umuryango wo gusohoka w'ishengero ryawe uheze uhimirize abantu gutwara bwinshi bashobora.
14. Rungikira "Umugambi w'Agakiza k'Imana ku Muntu" nk'ubutumwa bwo ku ngurukana bumenyi (e-mail) ku muntu muriko muraganira yaba ari hafi canke kure cane.
15. Igihe cose uriha ifagitire yawe ukoresheje posita shiramwo na buno butumwa.
16. Rungika ubu butumwa mu buryo bwa e-mail ku bakristo bose ufise k'urutonde rwa e-mail.
17. Fata igice c'urupapuro uheze ushire buno butumwa mu kinyamakuru co mu kibano cawe.
18. Icaro imbere y'imashini y'inyabwonko yawe mu kiringo kingana isaha buri munsi urondere k'ubuhinga bwa none abakristo canke amashengero mu gihugu icarico cose, uheze urungike ino e-mail ku mashengero canke abakristo bashika kuri 10 canke 15 ku munsi ufatanyije n'insobanuro mu rurimi rw'ayo mashengero canke abo bakristo urungikiye. Kandi uriko ukora uko, wame ufise e-mail yacu hafi yawe mu gihe wohura n'umuntu ashobora gusobanura mu rundi rurimi.
19. Iyumbire uburyo bwiza canke utubwire ingene wewe wigeze kubishobora muri kahise kugira ngo dushobore kuvyonerako kuri runo rutonde.

Sinzi uwabivuze, ariko hariho imvugo ikunze kuvugwa, ushobora mbere waramaze kuyumva. Ni ukuri, kandi ivuga ngo: "Ubuzima bumwe gusa bugiye vuba kuba akahise kandi ivyakozwe kubwa Kristo ni vyo bisosigara". Mu gihe 1/10 ba 1% b'abakristo botanga 1/10 vya 1% vy'icicumi c'umwanya wabo mu kurangura igikorwa cabu muri kuno kwitanga, vyotwara amezi make gusa imbere yuko ubutumwa buramvuye "bw' Umugambi w'Agakiza k'Imana k'Umuntu" bukwira mu ndimi zose zivugwa kw'isi n'umwanya urenze aho gatoyi imbere y'uko ubu butumwa bushika mu ntoke z'abantu imiriyaridi zitandatu n'igice z'abantu baba kw'isi). Mu gihe cose ugishobora guhema, urashobora gukora ikintu kinini. Ushobora

guhindura ubuzima mu bihe bidashira. Nimba uri umukristo, ingo ubane natwe muri runo rugendo ruhimbaye rwo kuroba. Ikiguzi n'umwanya wawe muto, igeria ni iry a gusa canke ikagurwa ibiceri, kandi impembo si iyo ngaha kw'isi. *Yesu arababarira ati “Ni munkurikire nzobagira abaroba abantu”* Mariko 1:17

Mbega ibakwe ryo kuba mu muryango no kurungikwa gusangira inkuru nziza dufise. Imana yacu ni Imana ifise urukundo ruhambaye ku banyavyaha kandi ikunda guharira imitima yihana. Ubu ni uburyo bwo kubabwira. Urashaka gutera intambwe? Biroroshe kujamwo nimba ubishaka.

**“Nuko bene Data nkunda, mukomere ntimunyiganyige, murushirize iminsi yose gukora ibikorwa vy’Umwami wacu, kuko muzi yuk’ubutame bwanyu atari ubw’ubusa mu Mwami.”** 1 Ab’Ikorinto 15:58

**“Kuko ubutumwa bwiza butantera isoni, ari ubushobozi bw’Imana, buzanira uwizera wese agakiza, uhoreye k’Umuyuda ukageza k’Umugiriki”** Abaroma 1:16.